D+S
M

**Chémin-rétou**
Mc 10,46b-52
30e dimanche ordinaire B

Musique : 18-10-2009, S. Luc
Harmonisation : 17-11-2009,
Ste Elisabeth de Hongrie

Paroles : 26-10-2009, S. Dimitry
17-11-2009, Ste Elisabeth de Hongrie
18-11-09, Dédicace des Basiliques de S. Pierre et S. Paul

| | |
|---|---|
| **R. Granmèt la kondui** | Dt 30,3 |
| **Pèp li sou *chémin*-an,** | |
| **Li fè-l *rétounin*** | Ps 85,2 ; Ba 5,5 ; Is 60,4 ; 49,8-26 ; Jer 23,3.8 |
| **Soti an égzil.** | |
| 1. Li sot nan péché | Is 40,2 ; Ps 85,3 |
| Li antré nan gras la, | |
| Nan Jéruzalèm | |
| Ki anro nan sièl. | Ap 21,1 |
| 2. Avèg ak bouaté | Jer 31,8 |
| Médam ki ansint yo, | |
| Sa-k fèk akouché, | |
| Yo tout ap *maché.* | |
| 3. Ak dlo nan jé yo | Jer 31,9 LXX ; Ps 126,5-6 |
| Yo t-al an-égzil la, | |
| Nan konsolasion | Is 40,1 ; 52,9 ; 66,13 ; Ba 5,6 |
| Yo tounin lakay. | |
| 4. Granmèt, Bon Pastè, | Is 40,11 ; Gn 33,13-14 ; Is 52,12 |
| Ap maché tou dousman | |
| Sou kadans fèb yo, | 1 Co 8,10.12 ; Rm 14,1 ; 15,1 |
| Pou yo pa bouké. | |
| 5. Li kab pran pasians | Ps 103,8 |
| Pou-l sipòté fot nou, | |
| Tan yo sé pou li, | Sg 12,16.18 |
| Tout pouvoua nan min-l. | |
| 6. *Mizérikòd* li | Rm 5,20 |
| Panché sou *mizè* nou, | Mt 9,36 ; Lc 15,20 |
| Li kondui-n nan sous | Jer 31,9 ; Ps 23,2 |
| Kot dlo-a tou fré. | Lc 1,50.54 ; Ba 5,6 ; Jer 31,3 ; Ps 42,9 |
| 7. Péché avéglé-n, | Jn 9,41 |
| Granmèt la fè-n ouè klè, | Jn 8,12 ; 9,5 |
| Pou-n kapab lévé, | |
| Pou-n *maché* avè-l. | Ex 40,34-38 ; Jn 12,35-38 ; Mc 10,46-52 |
| 8. Nou nan *pèlrinaj* | Ps 84,6 ; 120-134 ; Is 30,29 ; Lc 2,41 ; 9,51 ; 13,22 ; 17,11 ; 18,31 ; |
| Ak lafoua nan kè nou | 19,28 ; He 13,14 ; 11,13 ; Gn 23,4 ; 1P 2,11 ; Ps 39,13 ; 119,19 ; Lv |
| Pou léspri Sin-an | 25,23 ; 1Chr 29,15 ; Ph 3,20 |
| Fè-n ouè sa-k kaché. | |
| 9. Antan y-ap pasé | Ps 84,7-8 ; Ps 42,2 ; 34,10 ; Jn 4,10 ; 7,38 ; 19,34 ; Is 35,6 ; 41,18 ; |
| Nan bafon dlo jé-a, | 43,20 ; 48,21 ; Ps 78,15 ; Ex 17,1-7 ; Sg 11,4 ; Is 55,1 ; Ap 21,6 ; |
| Y-ap fè-l vi-n tounin | 22,1.17 ; Ez 47,1 ; Is 12,3 ; Ps 46,5 ; Za 13,1 ; 14,8 |
| Yon koté k-gin sous. | |
| 10. Kot Granmèt mouin-an, | Ps 120,1.7 |
| Lè tray la séré mouin, | |
| Mouin rélé, l-réponn, | |
| Li fè-m jouinn lapè. | |
| 11. M-ap lévé jé mouin | Ps 121,1-2 |
| Nan diréksion mòn yo, | |
| Kot m-ap jouinn sékou ? | |
| Nan min Granmèt la. | |
| 12. Ala kontantman | Ps 122,1.8 |
| Lè yo di-m n-apralé | |
| Lakay Granmèt la | |
| Pou-n kab jouinn lapè. | |

| | |
|---|---|
| 13. Koté-ou n-ap gadé<br>Ou-k rété nan sièl la,<br>Tankou sèvitè<br>K-ap gadé mèt li. | Ps 123,1-2 |
| 14. Nam nou kon zouazo<br>Ki chapé nan pièj la ;<br>Sékou pa nou-an<br>Nan non Granmèt la. | Ps 124,7-8 |
| 15. Moun ki apuiyé<br>Sou Bondié Granmèt la,<br>Anyin pap manké-l,<br>Li solid tout tan. | Ps 125,1 |
| 16. Lè Granmèt la fè<br>Égzilé yo tounin,<br>Nou tankou nan rèv<br>Bouch nou plin chanté. | Ps 126,1-2 |
| 17. Si Granmèt la minm<br>Pa t-ap bati kay la,<br>Sé pou granmési<br>Mason t-a travay. | Ps 127,1<br><br>Gn 11,1-9 |
| 18. Ala kontantman<br>Pou sa-k krinn Granmèt la<br>Épi k-ap maché<br>Nan chémin li yo. | Ps 128,1 |
| 19. Yo pèsékité-m<br>Yo pa fi-n jouinn bout mouin,<br>Granmèt la kasé<br>Chinn ki maré-m nan. | Ps 129,1-2.4<br><br>Ac 12,7 ; 16,26 ; Dn 3,24 ; 6,23 ; 13,60 ; Is 10,27 |
| 20. Nan bafon anba-a<br>M-ap rélé koté ou ;<br>Granmèt, kouté voua-m,<br>Tandé lapriyè-m. | Ps 130,1-2 |
| 21. Kè mouin pa gonflé,<br>Jé-m pa gin prétansion ;<br>Mouin kon ti bébé<br>Ki sou kè Manman-l. | Ps 131,1-2 |
| 22. Mouin pap aksépté<br>Pou-m kité dòmi pran-m,<br>San-m pa jouinn répo<br>Pou Granmèt mouin-an. | Ps 132,1-2 |
| 23. Gadé jan sa bon<br>Pou-n abité kon frè,<br>Sé tankou losion<br>K-ap koulé sou rad. | Ps 133,1-2 |
| 24. Pandan tout *nan nuit*<br>Lévé min nou anlè<br>Nan kay Granmèt la,<br>Chanté louanj pou li. | Ps 134,1-2 |
| 25. Chanté nan bouch nou<br>Tankou *nan nuit* fèt yo,<br>Lajoua nan kè nou<br>Pou-n al kay *Papa*-n. | Is 30,29 |
| 26. Nou régrèt péché-n,<br>Nou *viré* kot Bondié ;<br>Li sé *Papa* nou,<br>Bra-l louvri pou nou. | Jer 31,9 ; Lc 15,17-21 ; Os 2,9<br>1Th 1,9<br>Dt 1,31 ; 32,11 ; 33,3 ; Ac 13,18 ; 2 Co 6,18 |
| 27. Pitit Moun nan minm<br>Pa gin plas pou-l pozé,<br>Li toujou sou *rout*<br>Nan afè *Papa*-l. | Lc 2,41-50 ; 9,51-62 ; 13,22-24 ; 17,11 ; 18,31 ; 19,28 |
| 28. Mari sou *rout* la,<br>L-ap kondui légliz la<br>Nan *pèlrinaj* li<br>ki minnin nan sièl. | Ac 1,14<br><br><br>Ap 21,1-2 |